

## Pou plis enfòmasyon konsènan Rekonpan Anplwaye

- Reke 800-323-3249 oubyen 617-717-4900 x7470. Tradisksyon disponib.
- Ale nant [www.mass.gov/dia](http://www.mass.gov/dia).
- Imèl [Info2@massmail.state.ma.us](mailto:Info2@massmail.state.ma.us).
- Ale nan yon nan sink biwo nou yo.

## Kisa Department of Industrial Accidents (DIA) ye?

Se DIA ki an chaj de sistèm Rekonpans Anplwaye lan nan Massachusetts. DAE an ka ede w si ou se yon anplwaye ki andomaje, yon patwon Massachusetts, yon asire oswa yon avoka.



Commonwealth of Massachusetts  
Executive Office of Labor and  
Workforce Development  
Department of Industrial Accidents  
One Congress Street  
Boston, MA 02114-2017  
617-727-4900 x7470 or 800-323-3249  
[www.mass.gov/dia](http://www.mass.gov/dia)

# Andomaje nan Travay la?

## Rekonpans Anplwaye Ka Ede


**Biwo Prensipal**  
1 Congress Street, Suite 100  
Boston, MA 02114-2017  
617-727-4900 x7470 or 800-323-3249

**Biwo Sikisal [Lokal]**  
1 Father DeValles Boulevard, 3rd Floor  
Fall River, MA 02723  
508-676-3406

354 Merrimack Street, Building 1, Suite 230  
Lawrence, MA 01843  
978-683-6420

436 Dwight Street, Room 105  
Springfield, MA 01103  
413-784-1133

340 Main Street, 3rd Floor  
Worcester, MA 01608  
508-753-2072



Executive Office of Labor  
and Workforce Development  
Department of Industrial Accidents  
(617) 727-4900 x7470 or 800-323-3249  
[www.mass.gov/dia](http://www.mass.gov/dia)

## Kisa Rekonpans Anplwaye ye

Si ou gen yon pwoblèm lasante oubyen ou andomaje poutèt travay ou, petèt w ap kapab resevwa benefis anba Rekonpans Anplwaye a

## Kisa benefis Rekonpans Anplwaye an kouvri?

- **Bodwo medikal**, preskripsyon ak ko pèyman yo.
- **Salè ou pèdi**(yon pati) si ou paka travay pandan sink jou ou ples poutèt yon andomajman oswa maladi ki koze pa travay lan.
- **Frè transpòtasyon** pou ale ak tounen nan klinik doktè w.

## Ki moun ki kalifye pou Rekonpans Anplwaye?

- **Preske tout anplwaye** kouvri ak Rekonpans Anplwaye a —kelkeswa djòb ou, valè ètan, estati travay ou, oubyen nan fason yo peye w.
- Mèt konpanyi ap kouvri sèlman si yo achte pwop asirans pa yo.
- **Patwon oblige afiche** non konpanyi asirans Rekonpans Anplwaye yo.
- Si ou panse ke patwon w lan pa gen asirans Rekonpans Anplwaye, rele 877-627-7233 pou deklare sa. Tout rapò sa yo ap rete anonim.



## Kijan pou gen benefis Rekonpans Anplwaye

- Di patwon w lan touswit si w andomaje oswa malad poutèt travay lan.
- Patwon lan o blije avize konpanyi asirans Rekonpans Anplwaye a konsènan sa ki pase w lan.
- Konpanyi asirans lan pral voye yon nimewo reklamasyon ba ou.
- **Di doktè w ak anplwaye klinik la ke pwoblèm medikal ou an an relasyon ak travay ou e bay** nenpòt enfòmasyon asirans ou genyen.
- Si ou pa gen yon nimewo reklamasyon doktè w ka rele patwon w.

## Si patwon w pa rele asirans lan oswa yo refize Rekonpans Anplwaye an

- **Si patwon w pa notifye asirans lan** konsènan andomajman w lan, apre 30 jou, oubyen si w pa resevwa yon nimewo reklamasyon, ou ka anrejistre yon reklamasyon anplwaye. Ale nan www.mass.gov/dia epi ranpli Fòm 110 epi voye l ale ansanm ak nenpòt enfòmasyon medikal ki sipote sa bay Department of Industrial Accidents (DIA).
- Si konpanyi asirans Rekonpans Anplwaye travay lan ta **refize reklamasyon w lan**, ou pral resevwa yon lèt pa lapòs. Ou ka anrejistre yon reklamasyon anplwaye ak konpanyi asirans lan pou diskite sa. Ale nan www.mass.gov/dia epi ranpli Fòm 110 epi voye fòm lan ak nenpòt ki dokiman ki sipòte sa bay konpanyi asirans Rekonpans Anplwaye epi ak DIA.

• Si asirans lan refize reklamasyon w lan, nou konseye w pou ou jwenn yon avoka ki okipe ka Rekonpans Anplwaye kòm pwosedi an kon konplike, avoka yo touche sèlman si yo fè w jwenn benefis ou yo.

• Rele 866-627-7577 pou yo ede w jwen yon avoka. Anplwaye DIA paka ede w jwenn yon avoka.

## Pwoteje dwa w yo

DIA ap travay pou asire ke dwa Rekonpans Anplwaye w pwoteje. Si ou ta sibi nenpòt nan swivan yo, tanpri rele Biwo Ankòt DIA lan nan 877-627-7233. (Tout plent yo ap rete anoni).

- Patwon lan pa gen asirans Rekonpans Anplwaye. Ou ka cheke si patwon lan gen asiirans nan www.mass.gov/dia. Klike sou bouton “Verify Workers’ Compensation Insurance”.
- Patwon an refize di w ki konpanyi asirans Rekonpans Anplwaye li genyen.
- Patwon an dekoraje w pou anrejistre yon reklamasyon apre yon aksidan oswa maladi ki rive nan travay la.

Li kont lalwa nan Massachusetts pou patwon lan revoke w poutèt ou anrejistre yon reklamasyon pou Rekonpans Anplwaye. Sa ka an vyolasyon lalwa denonsiyatè OSHA.

Lwa anplwaye kontraktchè endepandan tre konplike. Si ou santi ke patwon mete w nan move kategori tanpri al pran konsèy nan men avoka.

